



# Enfòmasyon pou Pasyan sou Chanjman nan Règleman pou “Chaj Piblik”

Enfòmasyon nan dat 10/18/2018

Gouvènman federal la ka chanje kèk nan règleman yo pou moun k ap aplike pou kat rezidans oswa sèten kalite viza (ki rele “chaj piblik”). Chanjman sa a ka fè li vin pi difisil pou resevwa yon kat rezidans oswa viza pou moun yo k ap itilize kèk nan benefis leta bay (Egzanp: Medicaid, Koupon Manje).

Benefis ou resevwa jodia **pa ta dwe afekte** nenpòt aplikasyon pou viza oswa kat rezidans. Elijiblite pou benefis yo **pa t chanje**.

NYC Health + Hospitals PA dakò avèk chanjman sa yo. Nou vle pou w resevwa swen ou bezwen yo ansanm avèk pwoteksyon swen sante ou kalifye pou li a.

Nou akeyi tout moun nan NYC Health + Hospitals, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon. Sa a se pwomès nou fè a epi li pa p janm chanje.

Si ou gen kesyon sou kijan benefis w ap resevwa nan men leta ka afekte sitiyasyon ou ak imigrasyon, tanpri fè yon randevou gratis ak konfidansyèl avèk yon avoka LegalHealth nan NYC Health + Hospitals, oswa rele Liy Enfòmasyon LegalHealth nan 212-659-6188.